



Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO AP OFRI ASISTANS POU KOMINOTE KI SOU WOUT OURAGAN MICHAEL YO

### *Moun New York gen Ankourajman pou Prepare pou Gwo Lapli pandan Rès Ouragan ap Deplase Monte nan Kot Lès*

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke New York rete pare pou asiste eta a nan nenpòt fason posib, an tèm ni preparasyon ak rekipasyon fas ak Ouragan Michael ki pral frape. Tandiske li toujou ensète ke enpak Ouragan Michael pral atenn nòdès, Gouvènè Cuomo ap ankouraje moun New York pou prepare pou gwo lapli, epitou posiblité inondasyon rapid, nan ka yon loraj ta pran direksyon eta a.

“New York pa etranje ak dezaz ki ka vini nan men Manman Lanati epi nou rete pare pou asiste vwazen nou yo nan sid nan nenpòt fason nou kapab ofiramezi Ouragan Michael ap avanse”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye swiv devlopman loraj sa a, epi menm lè li enpak li nan nòdès la pa klè nan moman sa a, mwen ankouraje moun New York pou pran prekosyon ki nesèsè yo nan ka rès loraj la ta rive nan rejyon nou an.”

Ouragan Michael ap deplase nan direksyon nòdwès nan moman sa a nan pati sidès Gòlf Meksik epi yo predi pou li tounen yon Ouragan majè rive mèkredi maten. Loraj la ap deplase nan direksyon nò epi l ap pran wout pou antre sou tè nan Zòn Kotyè Florida (Florida Panhandle) oswa Gwo Pwent Florida (Florida Big Bend) sou mèkredi, answit deplase nan nòdès atravè sidès Etazini mèkredi swa rive jedi. Yo predi pou pòsyon lès ak sidès New York fè fas ak lapli ak gwo avès nan fen nwit mèkredi swa rive jedi akòz imidite twopikal. Pi gwo lapli a pral fèt jedi epi gendwa fò anpil pafwa, epi li posib pou gen inondasyon nan kèk zòn iben, ki sitiye nan zòn ki ba epi ki gen move drenaj gen. Potansyèl pou gen gwo lapli ap fini jedi swa. Swivi aktyèl yo montre Michael ap deplase nan sid Long Island nan vandredi antanke tanpèt twopikal. Sepandan, genyen ensètitud parapò ak fòs, swivi ak tan deplasman Michael ofiramezi l ap apwoche nòdès la, donk nan ka sa a tout ensètitud toujou ensèten.

Jesyon Ijans Florida gentan kòmanse evalye bezwen pou Ekip Sovtaj Dlo Rapid Tip II (Type II Swift Water Rescue Team) nan kad Asistans Konpak Jesyon Ijans (Emergency Management Assistance Compact, EMAC). New York rete pare, epi te ofri nan kad EMAC, pou deplwaye Ekip Sovtaj Dlo Rapid Tip II 15 pèsonèl ak ekipman, si asistans eta a vin nesèsè.

## **Rete enfòmè**

Sou direksyon Gouvènè a, Eta New York te amelyore resaman sistèm notifikasyon ijans NY-Alert la. NY-Alert avèti sitwayen yo enfòmasyon kritik ak ijans epi bay enfòmasyon atan pou pwoteje vi yo. Yo ka bay avètisman ak enfòmasyon ijans pa apèl telefòn, imèl, mesaj tèks oswa faks. Vizite [alert.ny.gov](http://alert.ny.gov) pou plis enfòmasyon.

## **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

Si ou ap vwayaje pandan gwo lapli, tanpri fè atansyon pandan w ap kondwi epi sonje konsèy sekirite sa yo:

- PA eseye kondui nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- PA souzestime pwisans destriktè dlo k ap kouri vit. Dlo inondasyon ki mezire de pye e ki ap kouri vit yo ap leve machin ou an. Dlo k'ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA inyore detou ijans yo pou ou ka al wè zòn ki inonde yo.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k'ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pare pou inondasyon ak move tan vyolan

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsonèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.

- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiwayon ijans

Kenbe twous katastwòf la soulamen, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

### **Preparasyon pou Ouragan**

- Konnen risk siklòn ki nan zòn ou - chèche konnen istwa onn tanpèt ak alitid zòn ou
- Enfòmasyon w sou planabri kominotè lokal yo, ki gen ladan lokalite koteabri ofisyèl yo ye
- Prete atansyon a jounal yo. Konnen estasyon radyo ak televizyon Sistèm Alèt Ijans yo (Emergency Alert System) ki nan zòn ou an ki pral bay enfòmasyon ofisyèl yo. Epi tou, siveye difizyon NOAA Weather Radio yo, si posib
- Aprann siyal avètisman ak plan evakyasyon pou kominote ou a yo
- Genyen apwovizyonman medikaman disponib sou plas omwen pou yon semèn
- Detèmine si fanmi ou genyen nenpòt bezwen espesyal epi devlope yon plan pou reponn a bezwen sa yo
- Pa egzanp: Si ou gen yon manm fanmi ki nan sistèm respiratè atifisyèl, èske konpayi elektrik ou a okouran de sa? Moun ki gen bezwen espesyal oubyen lòt moun ki bezwen plis enfòmasyon yo dwe kontakte Biwo Jesyon Ijans Konte yo a (County Emergency Management Office)
- Fè plan kounye a pou w konnen kisa w ap fè ak bèt domestik ou yo si yo ta mande w pou w kite kay ou.
- Anseye tout manm fanmi ou yo, ansanm ak timoun yo, jan ak kilè pou yo rele 911 oswa nimewo telefòn EMS lokal ou yo
- Poste nimewo telefòn ijans yo apati telefòn yo oswa sere yo nan lis kontak ou yo ki sou telefòn selilè ou a
- Pale ak manm fanmi ou yo sou kisa yo ta dwe fè nan ka yon katastwòf tankou yon ouragan oubyen yon gwo siklòn. Chwazi de kote pou n rankontre: yon kote deyò kay la nan ka yon ijans, tankou yon dife, ak yon kote ki lwen katye w la oka si w pa ka retounen lakay ou
- Deziyen yon zanmi oubyen yon fanmi ki pa rete nan menm zòn avè w ke manm fanmi ou yo ta dwe rele pou bay rapò sou kote nou ye si nou ta separe. Apresa asire ke tout manm fanmi yo gen nimewo moun sa

- Enstale fonksyon sekirite yo nan rezidans ou an tankou detektè lafimen ak ekstenktè dife yo
- Enfòmè w de kijan ak kilè pou w fèmen dlo, gaz ak elektrisite lakay ou
- Verifye kay ak pwopriyete ou an pou danje potansyèl yo pou ka wè ki mezi ki nesèsè pou ou pran pou asire sekirite ou epi pwoteje zafè'w yo
- Revize politik asirans ou an. Asirans pwopriyete yo souvan pa kouvri domaj inondasyon koze yo. Pran foto atik menajè ou gen lakay ou yo kòm repètwa
- Achte api sere materyèl, tankou planch, ki nesèsè pou sekirize kay ou kòrèkteman
- Netwaye goutyè ak kolòn ki lach oubyen ki bouche yo
- Epiyou koupe branch bwa ki mouri nan gwo oswa ti pye bwa yo
- Si aplikab, detèmine ki kote pou mete bato w la nan ka yon ijans

Pou plis konsèy sou sekirite pou tout kalite kondisyon meteyo, ale sou sit wèb DHSES la nan [www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm](http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)